



Règleman pou Prevansyon

Ou ka evite fè rankont ak monoksid kabòn

- **Wi** chak ane fè yon teknisyen ki kalifye tcheke sistèm pou w chofe kay la, aparèy pou chofe dlo, avèk lòt aparèy ki sèvi ak gaz, lwil, oubyen chabon.
- **Wi** enstale lakay ou yon aparèy ki mache ak pil ki ka detekte monoksid kabòn epi tcheke oubyen ranplase batri a chak prentan ak otòn lè w chanje lè nan revèy yo. Si aparèy la fè bwi, kite kay la imedyatman epi rele 911.
- **Wi** si w sisplèk anpwazònman monoksid kabòn epi ou santi w toudi, tèt ou ap vire, oubyen kè w plen, chèche swen medikal imedyatman.
- **Pa** sèvi avèk dèlko (jeneratè), recho chabon, recho pou kan, avèk lòt aparèy ki sèvi ak gazolin oubyen chabon anndan kay, sousòl, oubyen garaj oubyen tou pre yon fenèt.
- **Pa** kite machin oubyen kamyon ap mache andedan garaj ki kole ak kay ou, menm si ou kite pòt la ouvri.
- **Pa** boule anyen sou recho oubyen founou pou chofe kay si li pa byen vantile.
- **Pa** chofe kay la avèk recho gaz.